# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 2-апрельдеги ПҚ-5050-санлы қарарының орынланыўы туўралы**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 2-апрельдеги "Ишки ислер органларының жәмийетлик қәўипсизликти тәмийинлеў ҳәм жынаятшылыққа қарсы гүресиў тараўындағы хызметин жәнеде жетилистириў бойынша қосымша ис-илажлары ҳаққында"ғы ПҚ-5050-санлы қарары ҳәм де Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 6-апрельдеги 105-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 6-апрельдеги 105-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 2-апрельдеги "Ишки ислер органларының жәмийетлик қәўипсизликти тәмийинлеў ҳәм жынаятшылыққа қарсы гүресиў тараўындағы хызметин жәнеде жетилистириў бойынша қосымша ис-илажлары ҳаққында"ғы ПҚ-5050-санлы қарары менен 2021-жылда улыўма орта билим бериў мектеплериниң 2000 психолог штат бирлигин усы жылдың 1-июль сәнесинен қысқартыў есабынан 1100 инспектор-психолог штат бирлигиниң киритилиўи ҳәм 2022-жылда қосымша 900 штат бирлигин киритиў арқалы олардың санын 2000 ға жеткериў белгиленгенлиги мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. **Министрликтиң Руўхый әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлими (Р.Таңирбергенов), Барлық қала ҳәм районлық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары, республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемлери директорларына:**

-Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 6-апрельдеги 105-санлы буйрығы менен Өзбекстан Республикасы Ишки ислер министрлиги ҳәм оның орынлардағы бөлимлери менен биргеликте "Қәўипсиз билимлендириў мәкемеси" принципи тийкарында хукықбузарлықтың ерте алдын алыў бойынша мәнзилли илажларын нәзерде тутыўшы төмендеги жумысларды әмелге асырыў;

-қала ҳәм районлық ишки ислер органлары дизиминде 2000 штат бирликлеринен ибарат жас өспиримлер ислери бойынша инспектор-психолог (кейинги орынларда—инспектор-психолог) лаўазымларын енгизиў ҳәмде олардың тийисли хызмет көрсетиў орны етип улыўма орта билим бериў мектеплерин белгилеў;

-инспектор-психологлар лаўазымының шөлкемлестирилиўи мүнәсибети менен әмелдеги мийнет нызамы шеңберинде, қысқартылып атырған штатлардағы хызметкерлер менен дүзилген мийнет шәртнамасы бийкар етилиўи мүмкинлиги ҳаққындағы ескертиў хатларының берилиўин тәмийинлеў;

-инспектор-психологлардың ҳәр бир оқыўшы кесиминде психологиялық орталықты жақсылыў, жас өспиримлер арасында нызам бузылыўына қарсы мүнәсибетте болыўы сезимин қәлиплестириў, оқыўшылар, олардың ата-аналары менен жасаў жайларында мәнзилли ислесиўди қадағалаў ўазыйпалары белгиленгенлиги атап өтилсин.

4. **Кадрлар бөлими** (С.Жуманиязов), **Финанслық анализлеў ҳәм режелестириў бөлими** (Т.Утепов) менен биргеликте Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2019-жыл 28-декабрьдеги 406-санлы буйрығы менен тастыйықланған билимлендириў министрлиги системасындағы улыўма орта билим бериў мәкемелерин басқарыў, техник, хызмет көрсетиўши ҳәм оқыў-жәрдемши хызметкерлериниң үлги штатларына ҳәмде қәрежетлер сметаларына тийисли өзгерис ҳәм қосымшалар киритилиўин нәзерде тутсын.

5. **Министрликтиң Руўхый әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлими** (Р.Таңирбергенов), **Халық билимлендириў мәкемелерин қурыў, оңлаў ҳәм тәмийинлеў, имарат қурылмалардан пайдаланыўды муўапықластырыў, мәмлекетлик-жеке шериклик бөлими** (И.Балтабаев), **Финанслық анализлеў ҳәм**

**режелестириў бөлими** (Т.Утепов), **Педагогикалық-психологиялық диагностика хызметин шөлкемлестириў секторы** (Е.Нуртаев)**на:**

2021-жылдың 1-сентябрь сәнесине шекем:

- Барлық қала ҳәм районлық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары, ишки ислер бөлимлери менен биргеликте, инспектор-психологлар ушын улыўма орта билим бериў мәкемелеринде арнаўлы үскенеленген хызмет бөлмелерин шөлкемлестириў илажларын көриў;

-Ишки ислер министрлиги менен биргеликте инспектор-психологлардың хызметин тәртипке салыўшы нызам ҳәм нәтийжелилик индикаторлары ислеп шығылып, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен тастыйықланатуғынлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

6. Усы буйрықтың орынланыўын кадағалап барыў министрдиң бириши орынбасары ўазыйпасын атқарыўшы Қ.Бекбаўлиев ҳәм министр орынбасары Ш.Таджимуратовларға жүкленсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл «22» Апрель
№ 108